

Sekirite Lajan

Lajan avèk òdinatè – Konsèy pou ou!

1. Lè ou bezwen achte yon bagay sou nèt, asire ou ke adrès sit la komanse avèk <https://> oubyen genyen yon kadna nan kwen adrès sit la. Sa vle di sit la ansanm avèk enfòmasyon ou mete sou li pwoteje e ou pa an danje.



2. Pa achte bagay sou sit entènèt ki danjere.
3. Fè efò pou ou pa itilize òdinatè piblik, tankou yonn ki nan yon libreri oubyen nan yon lekòl, pou ou achte yon bagay sou nèt.
4. Pa pataje modpas ou avèk moun ou pa konnen.

Lè ou ap soti avèk lajan ansanm avèk kat de kredi ou, li enpòtan ke ou konnen kèk konsèy ki kapab ede ou kenbe enfòmasyon ou an sekirite!

Jere Lajan

- Kenbe lajan ou nan yon bous oubyen nan yon valiz epi toujou sonje mete'l menm kote a lè ou fini itilize li.
- Pa konte lajan ou devan lòt moun.
- Si ou itilize kòb pou achte yon pwodui, mete kòb ou kote li ta dwe ye anvan ou kite magazen an.
- Pa mache avèk twòp lajan sou ou. Li pi pridan pou ou mache avèk lajan ou pral bezwen an sèlman.

Kat de Kredi avèk enfòmasyon Pèsonèl

- Toujou siyen non ou oubyen ekri "verifye kat didantite mwen" dèyè kat de kredi ou, depi premye jou ou resevwa li.
- Pa bay nimero kat de kredi ou oubyen enfòmasyon pèsonèl ou nan telefòn oswa pa email.
- Pa pataje enfòmasyon pèsonèl ou avèk yon moun ou pa konnen.
- Toujou verifye kont ou. Si genyen yon acha ou pa te fè, rele nimero ki nan do kat la pou ou pale avèk bank ou oubyen konpayi kat de kredi ou.